

Sa ou dwe Konnen sou Moratoryom sou Degèpisman C.D.C a

Jou ki te premye septanm nan, Sant pou Kontwòl Maladi (C.D.C) te anonse yon moratoryom nasyonal sou degèpisman ki pratikman kouvri tout lokatè nan peyi Etazini ki afekte nan pandemi COVID-19 la. Lòd la ap anvigè apati de 4 septanm, 2020 jiska 31 desanm, 2020. **Lòd la pa ranplase oswa pase sou pwoteksyon kont degèpisman ki pi solid ki deja an plas nan nivo leta oswa lokal epitou lokatè yo ak defansè yo dwe kontinye travay pou pwoteksyon ki pi wobis nan nivo lokal, leta ak federal.**

Sa w dwe konnen

- Lòd la kouvri pratikman tout pwopriyete ki nan lwaye, ki gen ladan yo kay pou yon sèl fanmi, kay mobil ak apatman.
- Lòd la entèdi tout mèt kay mete lokatè yo deyò poutèt yo pa ka peye lwaye e lòd sa a valid jis nan fen ane 2020 depi lokatè yo te soumèt yon deklarasyon ki di yo pèdi revni yo osinon yo gen yon kantite depans medikal ki konsiderab (wè deklarasyon an anba a).
- Yon fwa ke lokatè a fin voye deklarasyon an bay mèt kay la, mèt kay la pap ka pran okenn aksyon pou mete lokatè a deyò oswa okenn aksyon ki ta lakòz lokatè a kite kay la poutèt li pa peye lwaye pazavan mwa janvyè 2021. — Aksyon sa yo enkli ladan yo sèvi yon avi degèpisman, prezante plent pou kòmanse yon pwosè degèpisman, oswa anmède osinon tou entimide yon lokatè pou li ka kite kay la.
- Lòd sa a PA anile ni kanpe dèt lwaye w, ni tou li pa anpeche lajan lwaye w dwe yo pou yo akimile, kidonk tout lajan sa yo ou pral gen pou peye yo apre dat ekspirasyon lòd la pase.
- Lòd la pèmèt pou yo met yon lokatè ki kalifye deyò anvan mwa janvyè a pou sèten rezon ki pa gen anyen pou wè ak pa peye lwaye, rezon sa yo gen ladan yo (sòl si lwa eta a oswa lwa lokal yo bay pwoteksyon ki pi solid kont “Kòz legal pou degèpisman”): state or local law provides stronger “just cause eviction” protections):
 - tankou angaje nan aktivite kriminel sou pwopriyete a; menase sante oswa sekirite lòt rezidan yo; domaje oswa poze yon risk imedyà ak siyifikatif pou domaje pwopriyete a; vyole nenpòt kòd bilding ki aplikab, òdonans lasante, oswa lòt règleman ki sanblab e ki gen rapò ak la sante ak sekirite; osinon tou lokatè a ta vyole nenpòt lòt obligasyon kontra a, eksepte

poutèt lwaye ki pat peye alè oswa lòt kalite peman ki gen rapò ak lojman (ki gen ladan peman frè, penalite, oswa enterè ki pa fèt oswa ki fèt an reta).

Èske mwen kalifye?

Lokatè yo kalifye pou pwoteksyon si:

- Yo pa kapab peye lwaye a akòz pèt revni oswa depans medikal
- Oubyen yo espere pou yo fè mwens pase \$ 99,000 apa pou kont yo oubyen \$ 198,000 kòm yon fanmi nan ane 2020 an, osinon yo te resevwa yon chèk estimilis oubyentou yo pa t fè deklarasyon taks pou ane 2019 la.
- Yo eseye, oswa te eseye, jwenn asistans nan men gouvènman an atravè pwogram li genyen pou ede ak lwaye ki ka disponib
- Yo dakò pou fè moso peman lwaye dapre mwayen yo ka genyen pou yo peye
- Yo p ap gen kote pou yo rete si yo mete yo deyò osinontou lokatè yo ap blije al viv nan kwense youn sou lòt oswa nan kondisyon ki pa bon pou moun viv

Pou jwenn pwoteksyon sa yo, lokatè a - ak tout granmoun k ap viv nan kay la - oblije soumèt yon deklarasyon siyen (wè anba a) ki gen konsekans legal, bay mèt kay la pou deklare yo kalifye e sa yo di a se laverite. Lokatè yo dwe kenbe yon kopi deklarasyon an ak tout lòt korespondans yo gen ak mèt kay la.

Kontakte òganizasyon lokal ki bay sèvis legal oswa gwoup lokal k ap òganize nan kominote w la pou jwen asistans legal pou ede w ak deklarasyon an oswa si w ap fè fas ak degèpisman.



DEKLARASYON ELIJIBLITE

Mwen sètifye sou penalite santans pou fo temwayaj, dapre kòd lalwa 28 U.S.C. 1746, ke tout sa m di yo se laverite epitou yo kòrèk:

- Mwen te itilize tout pibon mwayen ki genyen pou m jwenn tout kalite asistans gouvènman an genyen ki disponib pou ede ak lwaye oswa lojman;¹
- Mwen pa espere touche plis pase \$ 99,000 kòm revni anyèl nan Kalandriye Ane 2020 (oswa pa plis pase \$ 198,000 si m ap ranpli yon deklarasyon taks ak konjwen m), mwen pa t oblije rapòte okenn revni pandan ane 2019 la bay Sèvis Revni Entèn Etazini an, oswa mwen te resewva yon Peman Enpak Ekonomik (chèk estimilis) dapre Seksyon 2201 nan Lalwa CARES la;
- Mwen pa kapab peye tout kòb lwaye a oswa peye tout frè lojman mwen akòz gwo pèt nan sous revni kay la, pèt èdtan travay mwen pa touche oswa pèt salè, revokasyon, oubyen gwo depans medikal ekstrawòdinè² ke m peye ak lajan nan pòch mwen;
- Mwen fè tout sa m kapab pou m peye yon pi gwo pati nan kòb lwaye a alè depann de sa sikonstans mwen pèmèt fè , pa rapò ak lòt responsablite ke mwen genyen yo;
- Si yo mete m deyò li pwobab ke mwen pap gen yon kote pou m rete, mwen ap blije al domi nan yon azil pou moun san kay yo, osinon al rete nan yon kay kote moun ki deja la yo ap viv youn sou lòt nan ti pyès chanm paske mwen pa gen okenn lòt opsyon lojman ki disponib.³
- Mwen konprann ke mwen dwe toujou peye lwaye a oswa frè lojman an epi pou m respekte lòt obligasyon akò lokasyon an, kontra fèm la, oswa yon kontra sanblab ke mwen ka genyen. Mwen konprann ke yo ka toujou chaje m oswa kolekte nan menm frè, penalite, oswa enterè poutèt lwaye oswa frè lojman ki pa peye alè jan akò lokasyon an, kontra fèm la, oswa yon kontra sanblab mande.
- Mwen konprann tou ke lè lòd ki kanpe degèpisman rive nan bout li 31 Desanm, 2020, moun ki lwe m kay la ka mande m pou peye l yon sèl kou tout lajan lwaye mwen pat janm peye pandan kanpe tanporè sou peman lwaye te an vigè e si m paka peye mwen ka sijè a degèpisman dapre lwa leta ak lokal yo.
- Mwen konprann ke nenpòt deklarasyon ki fo oswa ki twonpè osinon nenpòt omisyon mwen fè ka lakòz aksyon kriminel ak sivil pou peye amann, penalite, domaj, oswa prizon.

Siyati Moun kap fè Deklarasyon an _____ Dat _____

¹ "Asistans gouvènman ki disponib" vle di nenpòt asistans gouvènman an bay pou lwaye oswa lojman ki disponib pou moun nan oswa pou nenpòt moun ki nan kay la.

² Yon depans medikal "ekstraòdinè" se nenpòt depans medikal ki pa ranbouse ki kapab depase 7.5% revni ajiste brit yon moun pou ane a.

³ "Lojman ki disponib" vle di nenpòt pwopriyete rezidansyèl ki disponib, , oswa lòt espas pou lwe nan nenpòt lojman a sezon oswa tanporè, ki pa ta vyole estanda Federal, nan nivo Leta, oswa lokal epi ki pa ta lakòz pou pri lojman w an jeneral vin ogmante.

DECLARATION OF ELIGIBILITY

I certify under penalty of perjury, pursuant to 28 U.S.C. 1746, that the foregoing are true and correct:

- I have used best efforts to obtain all available government assistance for rent or housing;¹
- I either expect to earn no more than \$99,000 in annual income for Calendar Year 2020 (or no more than \$198,000 if filing a joint tax return), was not required to report any income in 2019 to the U.S. Internal Revenue Service, or received an Economic Impact Payment (stimulus check) pursuant to Section 2201 of the CARES Act;
- I am unable to pay my full rent or make a full housing payment due to substantial loss of household income, loss of compensable hours of work or wages, lay-offs, or extraordinary² out-of-pocket medical expenses;
- I am using best efforts to make timely partial payments that are as close to the full payment as the individual's circumstances may permit, taking into account other nondiscretionary expenses;
- If evicted I would likely become homeless, need to move into a homeless shelter, or need to move into a new residence shared by other people who live in close quarters because I have no other available housing options.³
- I understand that I must still pay rent or make a housing payment, and comply with other obligations that I may have under my tenancy, lease agreement, or similar contract. I further understand that fees, penalties, or interest for not paying rent or making a housing payment on time as required by my tenancy, lease agreement, or similar contract may still be charged or collected.
- I further understand that at the end of this temporary halt on evictions on March 31, 2020, my housing provider may require payment in full for all payments not made prior to and during the temporary halt and failure to pay may make me subject to eviction pursuant to State and local laws.
- I understand that any false or misleading statements or omissions may result in criminal and civil actions for fines, penalties, damages, or imprisonment.

Signature of Declarant _____ Date _____

¹ "Available government assistance" means any governmental rental or housing payment benefits available to the individual or any household member.

² An "extraordinary" medical expense is any unreimbursed medical expense likely to exceed 7.5% of one's adjusted gross income for the year.

³ "Available housing" means any available, unoccupied residential property, or other space for occupancy in any seasonal or temporary housing, that would not violate Federal, State, or local occupancy standards and that would not result in an overall increase of housing cost to you.